

Ekip Resous Asistans Edikasyon pou Fanmi san Lojman (HEART) Lekòl Piblik Broward County rekonèt enpòtans avantaj esperyans pozitif pou timoun piti, li decide fè yon patenarya ak Depatman preskolè Head Start/Sèvis Entèkansyon Bonè Distri a. Presizeman, patenarya a ap chache bay elèv ki nan laj preskolè sipò nan sitiyasyon kote fanmi pèdi kay yo, pa gen lontan, elèv la kounyea ap fè esperyans enstabilite nan lojman. Kolaborasyon sa va pèmèt obteni bon rezilta nan amelyore patisipasyon ak kalite swen sante epi pwogram edikatif pou timoun piti, amelyore preparasyon timoun-yo pou antre lekòl, epitou amelyore chans siksè timoun vilnerab sa yo nan lekòl epi apre lekòl. Selon pwovizyon lwa McKinney-Vento Homeless Assistance Act, pou detèmine kritè elijibilite pou pwogram la, tanpri reponn kesyon Kesyonè sou Lojman Elèv (SHQ) lè ou itilize lyen entèaktif ki sou feyè sa.



**Èske ou fè esperyans sitiyasyon kote ou pèdi lojman ou sa lakòz timoun ki nan laj al lekòl (Pre-Kindègadenn rive 12zyèm ane) rete swa nan yonabri (cheltè), motèl, machin, oswa teren kanping, nan lari, nan bildin abandone, oswa ou rete ak fanmi oswa zanmi?**

Si se verite, pitit-ou ka kalifye pou sèvis establiite eskolè nan men Ekip Resous Asistans Edikasyon pou Fanmi san Lojman (HEART)!

Tanpri klike sou lyen anba a ki va mennen ou sou Kesyonè Lojman pou Elèv (SHQ) epi konplete kesyonè sou sitiyasyon lojman ou.

SHQ -  
ANGLE

[CLICK HERE](#)

SHQ -  
ESPAYÒL

[CLICK HERE](#)

SHQ -  
KREYÒL AYISYEN

[CLICK HERE](#)

SHQ -  
PÒTIGE

[CLICK HERE](#)

**Pou plis enfòmasyon rele 754 321-1566 (7:30 a.m. – 3:30 p.m.), oswa voye yon imel bay [HEART@browardschools.com](mailto:HEART@browardschools.com).**



The School Board of Broward County, Florida Lori Alhadeff • Daniel P. Foganholi • Patricia Good • Debra Hixon • Donna P. Korn • Sarah Leonardi • Laurie Rich Levinson • Ann Murray • Nora Rupert • Dr. Vickie L. Cartwright, Superintendent of Schools

School Board of Broward County, Florida, entèdi tout regleman oswa pwosedi ki lakòz diskriminasyon baze sou laj, koulè po, andikap, idantite seksyèl, espresyon seksyèl, enfòmasyon jenetik, eta sivil, nasyonalitye, ras, relijyon, sèks oswa oryantasyon seksyèl. School Board bay Boy Scouts ak lòt gwoup jenn ki deziye aksè egal. Moun ki vle pote plent kont diskriminasyon ak/oswa arasman ka rele Direktè, depatman Equal Educational Opportunities/ADA Compliance Department & Kodonatè Ekite Distri a/Kodonatè Title IX nan nimewo 754-321-2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158. Dapre amannman lwa Americans with Disabilities Act Amendments Act of 2008, (ADAAA) moun andikape ki bezwen akomodasyon ka rele depatman Equal Educational Opportunities/ADA Compliance Department nan nimewo 754-321-2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158. [browardschools.com](http://browardschools.com)